



Peman Espesyal Apre Retrèt

Ki sa ki andedan

Kisa “peman espesyal yo” ye?	1
Kisa ki kalifye kòm yon peman espesyal?	1
Fason limit sou revni w afekte benefis yo?	2
Si ou panse ou te resevwa yon peman espesyal	2
Egzanp yon peman espesyal	2
Moun ki ap vann asirans ak kiltivatè	2
Pou kontakte Sekirite Sosyal	3

Bonis, Peman Vakans, Komisyón, Konpansasyon pou Maladi, Komisyón sou Asirans, Konsèvasyon Danre ak Lòt Peman Espesy

Kisa “peman espesyal yo” ye?

Apre ou fin pran retrèt ou, ou ka byen resevwa peman pou kèk travay ou te fè anvan ou te kòmanse resevwa benefis retrèt Sekirite Sosyal ou. Anjeneral, peman sa yo p ap afekte benefis Sekirite Sosyal ou, toutotan ke ou resevwa yo pou travay ou te fè anvan ou te pran retrèt ou. Bilten enfòmasyon sa a dekri kèk nan peman espesyal ki pi komen yo, li ede ou rekonèt si ou te resevwa nenpòt ladan yo, epitou li montre ou ki etap ou dwe pran si ou te resevwa yo.

Kisa ki kalifye kòm yon peman espesyal?

Si ou te travay pou yon salè, revni ou resevwa apre retrèt ou konsidere kòm peman espesyal si ou touche li pou yon dènye bagay ou te fè okonplè anvan ou te sispann travay. Men kèk egzanp peman espesyal pou anplwaye: bonis, vakans akimile, konpansasyon pou maladi, dedomajman pou revokasyon, salè arriere, prim disponiblite, komisyón sou lavant, likidasyon pansyon oswa konpansasyon difere ki rapòte sou yon fòmilè W-2 pandan yon ane, men ke ou te touche nan ane anvan an. Lajan sa **yo ka** prezante sou fòmilè W-2 ou, nan espas ki rele “Nonqualified Plan” (“Plan ki pa Kalifye”).

Si ou te yon travayè endependan, nenpòt revni nèt ou resevwa **apre premye ane retrèt** ou ap konsidere kòm yon peman espesyal si sèvis ki lakòz ou touche peman an te fèt anvan ou te kalifye pou ou resevwa benefis Sekirite Sosyal. "Sèvis" yo se nenpòt travay regilye oswa nenpòt lòt aktivite enpòtan ou fè pou biznis ou.

Men kèk peman espesyal pou travayè endependan: peman pwogram abitasyon agrikòl, revni pou konsèvasyon danre, oswa revni yon pwopriyetè biznis reyalize san li pa fè gwo travay nan biznis la.

Fason limit sou revni w afekte benefis yo?

Si yon moun k ap resevwa benefis retrèt nan Sekirite Sosyal pi jèn pase laj pou l pran retrèt konplè, genyen kèk limits sou valè kòb yo ka touche nan travay yo. Laj pou pran retrèt konplè varye selon ane ou te fèt la. Ou ka vizite www.socialsecurity.gov/planners/retire/ageincrease.html pou jwenn laj pou pran retrèt konplè. Nou redui benefis yo, si revni yo depase kèk limit.

- Pou 2018 la, si ou poko gen laj pou ou pran retrèt konplè ou, ap gen \$1 ki ap dedui sou benefis ou pou chak \$2 ou touche ki depase \$17,040.
- Nan ane ou gen laj pou pran retrèt konplè ou, ap gen \$1 ki ap dedui pou chak \$3 ou touche depase \$45,360 pou 2018 la.
- Apati mwa ou gen laj pou pran retrèt konplè ou, ou ka resevwa tout benefis ou yo kèlkeswa kantite lajan ou ap touche.

Si ou panse ou te resevwa yon peman espesyal

Si ou ap resevwa Sekirite Sosyal, epi salè total pa ane ou depase limit la, epi gen yon peman espesyal ki rantre nan salè ou, ou ta dwe kontakte Sekirite Sosyal. Fè nou konnen si ou panse ou te resevwa yon peman espesyal. Si nou dakò, nou p ap konte valè peman espesyal la nan salè total ou pou ane a.

Egzanp yon peman espesyal

Egzanp sa a montre fason règleman Sekirite Sosyal yo trete yon peman espesyal.

Msye Jean-Baptiste te pran retrèt li nan mwa Novanm 2017, lè li te gen laj 62 lane, epi li te kòmanse resevwa benefis Sekirite Sosyal li. Nan mwa Janvye 2018, Msye Jean-Baptiste te resevwa yon chèk travay li pou \$17,000 pou tan vakans li te genyen ki te akimile. Poutèt peman sa a se pou vakans li te akimile anvan li te pran retrèt li, Sekirite Sosyal ap konsidere li kòm yon peman espesyal, epi li p ap konte li nan limit salè pou ane 2018 la.

Moun ki ap vann asirans ak kiltivatè

Gen de (2) gwoup pwofesyonèl espesifik ki resevwa salè ki konsidere kòm peman espesyal souvan: se moun ki ap vann asirans ki resevwa komisyon renouvèlman oswa komisyon repetisyon sou kontra asirans yo, avèk kiltivatè ki resevwa revni pou konsèvasyon danre.

Moun ki Vann Asirans

Anpil moun ki ap vann asirans kontinye ap resevwa komisyon sou kontra asirans yo te vann anvan retrèt yo apre ane yo vin pran retrèt yo. Revni sa a p ap afekte benefis Sekirite Sosyal yo, toutotan revni an te reprezante rezulta travay yo te fè anvan yo te pran retrèt yo.

Kiltivatè

Anpil kiltivatè rekòlte pandan yon lane epi yo antrepoze rekòlt la menm lè a, men yo vann rekòlt la pandan yon lane diferan. Lè yon rekòlt finn fèt nèt epi finn antrepoze oswa anvan oswa pandan menm mwa yon kiltivatè elijib pou li jwenn benefis Sekirite Sosyal li, menm si lavant rekòlt la ranvwaye pou lane ki vinn apre a, kòb lavant la pap afekte benefis Sekirite Sosyal kiltivatè a pou ane sa a.

Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou dèmilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an www.socialsecurity.gov. Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my Social Security* pou egzamine *Social Security Statement (Deklarasyon Sekirite Sosyal)* ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay miltilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tandé.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today
and tomorrow

Social Security Administration

Publication No. 05-10063-HC | January 2018

Peman Espesyal Apre Retrèt

Special Payments After Retirement (Haitian-Creole)

Produced and published at U.S. taxpayer expense

Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a